***Қарақалпақстан Республикасы***

***Мәлимлеме – китапхана орайы***

***Мағлыўмат – библиография хызмети***



# ***«Көркем сөз шебери»***

***Муратбай  Нызанов - 70 жаста***

***(биобиблиография)***

***Нөкис  - 2021***

## *К И Р И С И Ў*

***«Әдебият жасаса, миллет жасар!»***

*Абдулҳамид Сулайман улы Чолпан*

Ғәрезсизлигимиздиң дәслепки жылларынан баслап елимизде дөретиўши инсанларға айрықша итибар қаратылып, халқымыздың руўхый дүньясын, мәденияты менен мәнаўиятын байытыў жолындағы ийгиликли ислер ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатланып келинбекте. Бул әзелден халқымызға тән болған әдебиятқа, мәдениятқа, өркем-өнеге, дөретиўшиликке деген айрықша меҳир ҳәм итибардың көриниси саналады. Халқымыздың ҳақ кеўилин, көп әсирлик арзыў әрманларын, умтылысларын билмекши, аңлап жетпекши болсаң, ақыл зәкаўат пенен жаратылған халық дәстанларына, Күнхожа, Әжинияз ҳәм Бердақ сыяқлы уллы шайырлардың тәсиршең шығармаларына мүрәжат етсең, әлбетте көп мәни табасаң.

Президентимиз Шавкат Мирзиёев 2017-жыл 3 август күни елимиздиң дөретиўши зыялылары ўәкиллери менен ушырасыўында - Әдебият пенен көркем-өнерге, мәдениятқа итибар – бул бәринен бурын, халқымызға итибар, келешегимизге итибар, уллы шайырымыз Шолпанның айтқанындай, әдебият, мәдениат жасаса, миллеттиң жасаў мүмкинлигин умытыўға бизиң ҳасла ҳақымыз жоқ, - деген еди.Халқымыздың руўхый дүньясын байытыўда әдебияттың, мәденияттың орны гиреўли екен, демек биз өзлериниң өлмес әжайып дөретпелери менен халқымызға танылған жазыўшы - шайырлар менен дөретиўши инсанлардың өмирин, үлгили мийнет жолын өсип киятырған жас әўладларға тереңирек таныстырып барыўымыз дәркар. Мине усындай өзине тән дөретиўшилик жолы менен әдебият ықласбентлериниң жүрегинен орын алып

киятырған Қарақалпақстан халық жазыўшысы, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты Муратбай Нызанов бүгинги күни мәдениятымыз ҳәм әдебиятымыз ушын елеўли үлес қосып киятырған талант ийеси.

Муратбай Нызановтың Кегейли аймағында ылғый қуўақы, басқышыл, ҳәзилкеш, илмесултан сөздиң жүйириги атанған қарақалпақ аўылларының биринде туўылып-өсип, кәмалға келиўи оның әдебиятқа ықласының тез оянып, сөз дүканының есигинен ертерек ишке үңилиўге, өнериниң қәлиплесиўине ҳәм раўажланыўына тәсирин тийгизди. Алдар көсе, Өмирбек лаққы да Шымбай менен шегаралас Ақтубаның бир дығырығында туўылып, дузына нан басып жеген деседи. Шабандоз да, палўан да, шешен де, бақсы да, шынқобызға жан ендирип бүлбилди мына жерде қалдырған сулыўлар да сол дөгеректен көп шыққан. Жаўшы жиберип, жаў - шапқанда қызлары көрегенли, жигитлери ар – намыслы болған. Қулласы төбедегини түсирип, жердегини дүрликтирип ушырып сөйлеўге мустақ, қудай тилине берген халық!

Муратбай Нызанов өткен әсирдиң жетписинши жылларының басында поэзия жанрының бир талабаны сыпатында Жазыўшылар Аўқамының табалдырығынан атлады. Аббаз Дабылов, Садық Нурымбетов, Тилеўберген Жумамуратов ҳәм Даўлен Айтмуратовлардың юмор ҳәм сатира деген кәраматлы ҳәм кийели дәрьяның ағысын бақлады. Муратбай әўели лирик болыўды әрман етти. Кейин ала Азиз Несинниң топламы қолына түседи. Рустың Чеховы, украин С. Олейник, қазақтың Асқары, өзбектиң Сайд Ахмады… қалған жағы ўйқасып кете берди. Ол қарақалпақ әдебиятындағы сатириктиң орнын жеңип алды.

Жазыўшы соңғы жыллары адамларды ойланып ис етиўге шақыратуғын тәрбиялық әҳмийети күшли шығармаларды көплеп дөрете баслады. Қарақалпақ әдебиятын керекли көркем бөлеклер, өткир сюжетлер менен тәмийнлеўшиниң ўазыйпасын атқара бериўден де көре алдында әллеқайда үлкен ўазыйпа турғанын енди оның өзи де түсинип жеткен еди. Сатира – күшлилердиң қуралы. «Адам күлдиргени ушын» эссеси, «Жат журттағы жети күн» повести бул ойының дурыслығын дәлилледи. Муратбай Нызанов жумыс орны бойынша ғана

емес,  ал таланты жағынан да өсти. Өзбек жазыўшысы Н. Фазылов: «Муратбай Нызанов өзиниң юморға, өткир сатираға бай дөретпеси менен айрықша көзге тасланып турады. Мен Муратбайды қарақалпақтың Азиз Несини дегим келеди. Оның сатиралық юмористлик гүрриңлери, драмалары сондай деўиме хуқық береди…» деп баҳалайды.

Муратбай Нызановтың қарақалпақ халқының мәдениятына, көркем-өнерине қосып атырған және бир үлкен үлеси оның кино  көркем-өнери тараўындағы хызметлери болып есапланады. Оның сценариясында “Танка”, “Уры”, “Курорт”, “Қоңсылар” фильмлери суўретке алынды.




***Муратбай Нызановтың өмири***

## *ҳәм дөретиўшилик хызмети*

Муратбай Нызанов 1951-жылы Кегейли районының «Ақтуба» елатында дүньяға келген. Мектепти тамамлағаннан соң 1968 - 1971 жыллары Мәтеке Жуманазаров колхозында жумысшы. Ал 1971 - 1973 жыллары әскерий хызмет ўазыйпасын атқарды.

Жазыўшының ылғый қуўақы, ҳәзилкеш, илмесултан сөздиң жүйриги атанған қарақалпақ аўылларының биринде туўылып-өсип, камалға келиўи оның әдебиятқа ықласын тез оятып, сөз өнериниң қәлиплесиўине ҳәм раўажланыўына тәсирин тийгизди. 1977 - жылы Қарақалпақ Мәмлекетлик университетин тамамлаған. Муратбай Нызанов дәслепки ўақытлары лирик болыўды әрман етеди. 1980 - жылдан Журналистлер аўқамының ағзасы болады. 1981 - жылы «Кегейли турмысы» газетасы әдебий хызметкери болып ислейди. 1993-жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы болды. Муратбай өзиниң дәслепки дөретиўшилик жолын лирикалық қосықлар менен баслайды. Шайырдың биринши қосығы республикалық жаслар газетасында 1966 – жылы «Қарақалпақстан» деген ат пенен жарық көрди. Оның туўылған жерге бағышланған тусаў кесер қосығы алдағы дөретиўшилик табысларына илҳам бағышлаўшы күш болды.

Бизлер бала жыллары,
Аўылдан кеўлим тоқ еди,
Есигинде ҳеш кимниң,
Қулп түўе зулп жоқ еди.

Бир қоңсыдан бир қоңсы,

Бөлип жемес тамағын,

Ана үй менен мына үйге,

Тасып жүрер табағын.

Аштан өлип қалса да,

Ағарғанын сатпайды,

Өзи жемей, тапқанын,

Қонағына сақлайды.

Шайырдың қосықлары Кегейли районлық газетасында, республикалық «Жеткиншек», «Еркин Қарақалпақстан» газеталары менен «Әмиўдәрья» журналларында избе-из жәрияланып турды. Сексенинши жылларға келип ол жанрлық жөнелисин бирден өзгертти. Буған Азиз Несинниң «Муш кетти» китабы себепши болды. Сондай-ақ Сайд Ахмад, рус шайыры Антон Чехов, қазақ шайырлары Асқар Тохмағамбетов, Оспанхан Әбубәкиров, украин шайыры Степан Олейниклердиң шығармаларының тәсири күшли болды. Муратбай Нызанов сатира-юмор жанрында басқалар айтпаған тың пикирлерди айтып, өз алдына толқын болып кирип келди. Ол «Нышана» (гүрриң), «Күлким келеди» (қосық), «Адам күлдиргени ушын» (ҳәзил), «Сизге болмайды» (юмор), «Жат журттағы жети күн» (повесть), «Ырасын айтсаң урады» (юмор), «Ишек силем қатты мениң» (сатира), «Еки қанқор» (повесть), «Ғәзийне» (гүрриң), «Жақында қызық болады» (гүрриң), «Еки үйректиң тоғыз бөтекеси» (юмор), «Ақшагүл» (повесть), «Телефон жиллиси» (ҳәзил), «Ақырет уйқысы» (повесть), «Ашық болмаған ким бар» (роман), «Ҳәмелден түскен қандай болады» (гүрриң), «Түнде уйықлайтуғын адам» (сатира), «Еркектиң бир күни» (сатира), «Күлме маған» (юмор), «Ҳаўа кемесиндеги екеў» (повесть ҳәм драма) (2014) сондай-ақ таңламалы шығармаларының бес томлығын (2008-2016) жәриялады ҳәм

«Душпан» (роман). Оның жазған хәр бир шығармасы оқыўшылардың кеўлинен жай таба билди.




Муратбай Нызановтың қарақалпақ халқының мәдениятына, көркем-өнерине қосып атырған және бир үлкен үлеси оның кино искусствосы тараўындағы хызметлери болып есапланады. Бул жанрда жазыўшының жигирмаға жақын китаплары, еки комедиясы «Еки дүньяның әўереси», «Кулме маған», үш кинокомедиясы «Танка», «Уры», «Курорт», «Қоңсы - қобалар» фильмлери суўретке алынды, жәмийетшилик дыққатына усынылып, олар ылайықлы баҳаларына ийе болды.

Муратбай Нызанов жигирма биринши әсирдиң басында жазыўшы реалистлик прозаға қол урды. Бүгинги миллий әдебиятымызда талантлы жазыўшыларымыздың бири болып жетилискен Муратбай Нызановтың биринши қәдеми поэзиядан басланған еди. Ол дәслеп өмир философиясы ҳаққында, соңын ала сол турмыстың писип жетилиспеген шийки ямаса орынсыз асып - тасып баратырған көринислерин поэзияның сатиралық қуралы менен түйреп

баслады. Соң прозалық шығармаларға өтти. Драматург ҳәм киносценарияшы сыпатында табыслы қәлем тербетип киятыр. Руслардың талантлы адам – барлық нәрседе де талантлы дегениндей, оның қәлеминен шыққан әдебий шығарма қайсы  жанрда жазылса  да, өз халқының әсирлер даўамында қәлиплескен үрип - әдетлерин терең билетуғыны, сөйлер сөзге тилге бай екени көринип турады. Бул жазыўшының басқа жазыўшылардан тийкарғы айырмашылығы – оның журналистлик шаққанлық пенен бүгинги күн нәпесин әдебиятқа алып келиўи.

Муратбай Нызанов драматург сыпатында да бир қатар сахналық шығармалар дөретип, үлкен табысқа еристи. Оның «Еки дүньяның әўереси» шығармасы миллий театрымызда сахналастырылып, авторға даңқ, абырай әкелди. Бул комедия «Сийрек ушырасатуғын нусқа» атамасы менен 1994 - жылы Өзбек академиялық театрында да қойылып, тамашагөйлердиң кеўлинен шықты. Муратбай Нызанов ғәрезсизлик жылларында баспадан 19 китап шығарды. Әсиресе, 2002-2004 жылларда оның  «Ақшагүл» повести жазыўшыға жүдә үлкен даңқ - абырой алып келди. Бул повести 2006 - жылы Өзбекстан көлеминде өткерилген «Истиқлол замонимиз қаҳрамонлари» таңлаўында биринши орынға миясар болып, пүткил өзбек оқыўшыларының да зор ықласына миясар болды. Повесть кешикпей «Жаҳон адабиёти» журналында жарық көрди. Бул табыслардан илҳамланған жазыўшы екинши көлемли шығармаға киристи. Оқыўшылар күткениндей 2009 – жылы баспадан шыққан «Ақырет уйқысы» повести де бүгинги талғамы күшли оқыўшылар қәлбинен жай алды. Ол және бир көлемли шығарма «Душпан» романының биринши китабын жазып питкерди. Муратбай Нызанов «Ақшагүл», «Ақырет уйқысы» ҳәм «Душпан» шығармаларында инсан психологиясын кең, ҳәр тәреплеме ҳәм терең үйрениўи, инсанды түсиниў, оның кеўил кеширмелерин сезе билиўде үлкен табысқа еристи. Ол дөреткен образлар китап оқыўшыларын бийпәрўа қалдырмайды, олардың қуўаныш ҳәм тәшўиш, қыйыншылықларына шерик, дәртлес болыўға, оларға ылайық болыўға умтылады. 1994-2002 жылға дейин «Қарақалпақстан» баспасы директоры, 2002 -2003 жыллары Қарақалпақстан телерадиокомпаниясы баслығының орынбасары, 2003 - 2013 жыллары «Қарақалпақфильм»

киностудиясы директоры болып хызмет етип, халыққа белгили инсанға айланды. Жақсы лаўазымларда жумыс иследи. Ол өзиниң тынбай излениўиниң арқасында белгили атақ ҳәм сыйлықларға миясар болды. Муратбай Нызанов қайсы жанрда жазбасын, өз халқының әсирлер даўамында қәлиплескен үрп - әдетлерин, салт - дәстүрлерин терең сезиниўи, шығармаларының тилиниң байлығы менен айырылып турады.

1999-жылы «Дослық» ордени менен сыйлықланды, 2001 - жылы Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәданият хызметкери, 2004 - жылы Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик сыйлығының лауреаты, 2012 – жылы «Қарақалпақстан халық жазыўшысы» атағы берилди. Ҳәзирги ўақытта жазыўшымыз бес перзенттиң әкеси, төрт ақлықтың әдиўли атасы, ул қызлары да жоқары мағлыўматлы көргенли шаңарақлардан есапланады. Бүгинги күни мәдениятымыз ҳәм әдебиятымыздың буннан былай да раўажланыўына елеўли үлес қосып киятырған талант ийеси есапланады. 2013 жылдан ҳәзирги күнге шекем «Билим» баспасының директоры лаўазымында ислеп атыр.

## Муратбай Нызановтың өмири ҳәм
## дөретиўшилик хызмети дәўириндеги тийкарғы сәнелер

1951 - жылы - Кегейли районының «Актуба» елатында дүньяға келди

1968 - 1971 – жыллары – Кегейли районы Мәтеке Жуманазаров колхозында жумысшы

1973 - 1981 - жыллары – «Кегейли турмысы» газетасы әдебий хызметкери

1980 – жылы - Журналистлер аўқамының ағзасы

1982 - жылы – «Жеткиншек» газетасы ағзасы

1982 – 1983 - жыллары - «Еркин Қарақалпақстан» газетасының ағзасы

1983 - 1991 - жылы - Қарақалпақстан телевидениесиниң бас редакторы

1991 - 1994 - жыллары - «Арал» журналының бас редакторы

1993 - жылы - Жазыўшылар аўқамының ағзасы

1994 - 2002 - жыллары – «Қарақалпақстан» баспасының директоры

2002 – 2003 - жылы - Қарақалпақстан телерадиокомпаниясы баслығының орынбасары

2003 – 2013 - жылы – «Қарақалпақфильм» киностудиясының директоры

2013 – жылдан баслап «Билим» баспасының директоры.

## Муратбай Нызановтың алған атақлары ҳәм сыйлықлары

1999 - жылы - «Дослық» ордени менен сыйлықланды

2001 - жылы - Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәданият хызметкери

2004 – жылы - Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик сыйлығының лауреаты болды

2012 – жылы - «Қарақалпақстан халық жазыўшысы» атағына ийе болды

## Муратбай Нызанов авторлығындағы көркем фильмлер

| Кинофильмлер | Түсирилген жылы | Студия |
|---|---|---|
| «Танька» | 2003 | «Узбекфильм» |
| «Уры» | 2009 | «Қарақалпақфильм» |
| «Курорт» | 2009 | «Қарақалпақфильм» |

**Муратбай Нызановтың шығармалары қарақалпақ тилинде**

1979

Усындай да болады: гүрриң. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1979. – 78 б.

1984

Нышана: сатиралық гүрриңлер. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1984. - 104 б.

1987

Күлким келеди: қосықлар ҳәм поэма. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1987. - 76 б.

1989

Адам күлдиргени ушын…ямаса айыпкердиң алты хаты. - Нөкис: Қарақалпақстан,1989. - 88 б.

1990

Сизге болмайды: повесть ҳәм гүрриңлер. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1990. - 196 б.

1992

Жат журттағы жети күн: повесть, гүрриңлер, пьесалар, интермедиялар. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1992. – 400 б.

1993

Ишек-силем қатты мениң: ҳәзил - дәлкек, мысқыл қосықлар. - Нөкис: Арал, 1993. - 68 б.

Ырасын айтсаң урады: юмор сатира. - Нөкис: Арал, 1993. - 116 б.

1994

Аспаннан түскен миллионер: [сатиралық гурриң] // Еркин Қарақалпақстан. - 1994. - 20 сент.

Еки қанхор: повесть, ҳәзил дәлкек гүрриңлер - Нөкис: Арал, 1994. - 134 б.

1996

Ғәзийне: [сатиралық гүрриңлер] // Қарақалпақстан. - 1996. - 25 март.

2000

Жақында қызық болады: [сатиралық гүрриңлер] // Қарақалпақстан жаслары. - 2000. - 30 март.

2001

Мен жегеним жоқ: [сатиралық гүрриң] // Еркин Қарақалпақстан. - 2001. - 8 февр.

2002

Еки үйректиң тоғыз бөтекеси: сатиралық гүрриң. - Нөкис: Қарақалпақстан, 2002. - 76 б.

2004

Ақшагүл: повесть. - Нөкис: Қарақалпақстан, 2004. - 96 б.

2005

Кондиционер: [сатира] // Еркин Қарақалпақстан. - 2005. – 18 окт.

Түнде уйқылайтуғын адам: сатира. - Нөкис: Билим, 2005. - 68 б.

2006

Ҳәмелден түскен қандай болады?: гүрриңлер. - Нөкис: Қарақалпақстан, 2006. - 92 б.

Ырасын айтсаң урады: [сатиралық гүрриң] // Еркин Қарақалпақстан. - 2006. - 28 янв.

2008

Жүз грамм нан: [сатиралық гүрриң] // Еркин Қарақалпақстан, 2008. - 5 июль.

Шығармалары: төрт томлық. I том. - Нөкис: Билим, 2008. - 304 б.

2009

Ақырет уйқысы: повесть. - Нөкис: Қарақалпақстан, 2009. -208 б.

Таңламалы шығармалары: II том. гүрриңлер. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2009. - 320 б.

2010

Душпан: роман. - Нөкис: Қарақалпақстан, 2010. - 264 б.

2013

Ашық болмаған ким бар: роман - Нөкис: Билим, 2013. – 188 б.

2014

Қарақалпақлардың бас кийими қандай болған ямаса жыраўлар неге шөгирме кийеди? // Еркин Карақалпақстан. - 2014. - 27 март.

Таңламалы шығармалары: III том. - Нөкис: Билим, 2014. – 304 б.

Ҳаўа кемесиндеги екеў: [повестьтен үзинди] // Еркин Қарақалпақстан. – 2014. - 13 нояб. (даўамы бар)

Ҳаўа кемесиндеги екеў : [повестьтен үзинди] // Еркин Қарақалпақстан. – 2014. – 15 нояб. (Даўамы бар)

2015

Аманат: [гүрриң] // Қарақалпақстан жаслары. - 2015. - 26 февр.

Аспантайдың асаўлары : [жол дәптерден] // Еркин Қарақалпақстан. – 2015. – 15 авг.

Белгили инсанлар өмиринен : [эссе] // Еркин Қарақалпақстан. – 2015. – 16 май.

- Мазмуны: Хожам, исерсен, кеберсен...; Ҳаў Бердақжан екен ғо. (Даўамы бар)

Белгили инсанлар өмиринен: [эссе] (даўамы. Басы өткен санда) "Кунхожа ҳәм оның баласы", "Он еки пердени сөйлеткен бармақлар", "Суйеў бақсының ырас аты ким болған?", "Ещанның өкпе гийнеси" // Еркин Қарақалпақстан. - 2015. - 19 май.

Белгили инсанлар өмиринен: [эссе: даўамы. Басы өткен санда] "Шақша", "Бәсеке", "Айғырыңды киснетпе", "Ибрайым болыс ҳәм бала Ещан" // Еркин Қарақалпақстан. – 2015. - 21 май.

Бердақ қосықлар халқымыздың бай руўхый мийрасы // Қарақалпақ әдебияты. - 2015. - дек.

Жиңишкениң бажбаны : [гүрриң] / М. Нызанов // Қарақалпақстан жаслары. – 2015. – 30 июль.

Кетпей - ақ ғой аўылға ! : [шайыр Халила Дәўлетназаровтың «Аўыл әрманлары» қосығына ҳәзил жуўап қосық]; Мени ярым жолда тапқан муҳаббат ; Муҳаббат ; Кәтқуда болар // Қарақалпақ әдебияты. – 2015. – июль.

Ийт сатаман: [гүрриң] // Қарақалпақстан жаслары. - 2015. - 13 авг.

Нәлше : [қосық] // Ustaz joli'. – 2015. – 13 июнь. - Мазмуны : Саққулақ ; Собық ; Сөзи қызық атамның.

Өтмиштен сөйлетуғын компьютер: [сатира-юмор] // Ustaz joli'. - 2015. - 7 март.

Сотланатуғын Сақбай: [гүрриң] // Қарақалпақстан жаслары. - 2015. - 2 апр.

Таңламалы шығармалары: IV том - Нөкис: Билим, 2015. - 280 б.

2016

Әдебият ҳәм биз; Гузги ой : [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. – 2016. – 8 окт.

Әдебият ҳәм биз: [қосық] // Қарақалпақстан жаслары. - 2016. - 25 авг.

Гүзги ой: [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 8 окт.

Биз ҳеш кимнен кем болмаймыз: [қосық: Президент Ислам Каримовты еслеў] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 8 окт.

Дем ал дейди досларым маған: [доктор Қалмурза Реймовқа арналған қосық] // Қарақалпақстан жаслары. - 2016. - 16 июнь.

Еки халықтың ортақ шайыры Турсынбай Адашевқа инилик ҳәзил: [қосық] // Қарақалпақстан жаслары. - 2016. - 15 дек.

Инсан мәплери: [қосық] ("2017-жыл - Халық пенен пикирлесиў ҳәм инсан мәплери жылы") // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 29 дек.

Күнимизге жараған өтирик: [япырмай] // Қарақалпақстан жаслары. - 2016. - 24 нояб.

Қойын дәптерге қайым дәптер: гүрриң.– Нөкис: Билим, 2016. - 232 б.

Қурдасларыма байрам ҳәзили: [қосық] // Қарақалпақстан жаслары. - 2016. - 10 март.

Мешин: [гүрриң] // Қарақалпақстан жаслары. - 2016. - 1 янв.

Пахтакор футболшыларының қайғылы тәғдири: [жақын өтмиш сабақлары] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 31 май.

Сен күймесең, мен күймесем...: [жазыўшы ой салады, усыныс етеди: қосықлар хаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 19 апр.

Таңламалы шығармалары: V том. - Нөкис: Билим, 2016. - 304 б.

Ҳеш ким қоймаған ат: [юмор] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 1 янв.

2017

Анама: [қосықлар] // Қарақалпақ әдебияты. - 2017. - февр. Мазмуны : Жуўасқашаған ; Даңққумар ; Мен қулақсыз едим ; Ҳақыйқат ; Бурынғы баслыққа ; Мен министр геземде ; Бир өжет иниме ; Саған болсын ҳәммеси ; Сәлемниң нырқы ; Сөздиң обалы; Турақлы әдет ; Айып кимде? ; Сен сондай сақсаң ; Қоңыраў ; Еки ҳал ; Жубаныш.

Бердақ : [драматургия] // Әмиўдәрья. – 2017. – № 5. – Б. 70 – 92 ; № 6. – Б. 87 – 98.

Биз күткен әрман: [Президентимиз Шавкат Мирзиёевтиң Қарақалпақстан Республикасына сапарынан кейинги мүнәсибет] // Еркин Қарақалпақстан. - 2017. - 24 янв.

Күтилмеген саўға : [юмор] // Еркин Қарақалпақстан. – 2017. – 1 янв.

Қәлемлес досларыма : [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. – 2017. – 11 июль

Мен қашан туўылдым : [гүрриң] //  Қарақалпақстан жаслары. – 2017. – 1 янв.

Отыз мың биринши операция : [гүрриң] //  Қарақалпақстан жаслары. – 2017. – 2 нояб.

2018

Ағла пазыйлетлери бар халқымның  // Еркин Қарақалпақстан. – 2018. – 9 июнь. (Даўамы бар)

Ағла пазыйлетлери бар халқымның  // Еркин Қарақалпақстан. – 2018. – 12 июнь. (Даўамы. Басы өткен санда)

Академик тойына : [Академик Жуманазар  Базарбаевтың туўылғанының 85 жыллғына арнап қосық]  // Еркин Қарақалпақстан. – 2018. – 10 нояб.

Айтпай жүрген өтиригим бар : [көркем әдебият] //  Қарақалпақстан жаслары. – 2018. – 22 нояб.

Бердақ : [драматургия] //  Әмиўдәрья. – 2017. – № 5. – Б. 70 – 92 ;  № 6. – Б. 87 – 98.

Ғәрип ҳәм Шахсанемлер менен сәўбет : [актёрлар менен сәўбет] // Еркин Қарақалпақстан. – 2018. – 3 июль.

Илимниң қос қарлығашы : [Жумек ҳәм Нағмет Урумбаевлардың еслеў мәресимине арналған қосық] // Еркин Қарақалпақстан. – 2018. – 9 окт.

Мен неге жазыўшылықты  таңладым?  –  Нөкис :  Билим, 2018. –  184 б.

Муқаддес  мийраслар мәканы : [2. Сөйлер тили болды олар халқының. Уллы бабаларымыз Кунхожа ҳәм Бердаққа арнап салынған мақбара ҳәм музей ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. – 2018. –  25 дек.

Муҳаббат қосығы : [романнан үзинди]  // Еркин Қарақалпақстан. – 2018. – 6 янв. (Даўамы келеси санда)

Себет : [сатиралық гүррин]  // Еркин Қарақалпақстан. – 2018. – 1 янв.

Сүйеги жеңил адам : [Қарақалпақстан Республикасында көп жыллар даўамында хызмет көрсеткен әжайып инсан Генжебек Қурбанов ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. – 2018. – 26 июль.

Той ҳәзили : [Қарақалпақстан халық шайыры Кеңесбай Каримовтың 70 жыллығына арнап қосық] // Еркин Каракалпакстан. – 2018. – 25 авг.

Халқың менен мәңги жасайсан бирге : [Шымбай районында Бердақ мавзолейиниң ашылыўына арналған қосық] // Еркин Каракалпакстан. – 2018. – 25 сент.

Шайыр жолда, шайыр рульде : [сатира] // Еркин Қарақалпақстан. – 2018. – 17 март.

Шоманайдың екинши бәҳәри «Шәменай» - ма, «Шума най?» ма яки «Шәмен ой» // Еркин Қарақалпақстан. – 2018. – 5 май. Даўамы. 10 – 12 – 17 май санларында.

2019

Нәўбет келди, дәўлет келди Мойнаққа : Теңиз шегинбекте, лекин, инсан шегинбейди // Еркин Қарақалпақстан. – 2019. – 24 янв. Мазмуны: Кеўиллерди тебирендирген пресс клуб ; Сиз дәрьяның ултанын көргенсиз! теңиздин ше? (Даўамы бар)

Нәўбет келди, дәўлет келди Мойнаққа : Теңиз шегинбекте, лекин, инсан шегинбейди // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. - 26 янв. Мазмуны : Нөкис – Мойнақ – Арал (Даўамы. Басы өткен санда)

Папактың ийеси : [гүрриң] // Еркин Каракалпакстан. – 2019. – 1 янв.

Тарийхларға шежире елатсаң, Шымбай: [жазыўшы ҳәм заман] // Еркин Қарақалпақстан. – 2019. – 19 март. (Даўамы бар)

Тарийхларға шежире елатсаң, Шымбай // Еркин Қарақалпақстан. – 2019. – 22 март. (Даўамы. Басы өткен санда)

2020

Ерки беккем ел ағасы: [«Қарақалпақлар» роман – эссесиниң екинши китабынан] / Муратбай Нызанов // Қарақалпақ әдебияты. – 2020. – № 6 -7. – Б. 1 - 2.

Қарақалпақлар: [Екинши китабынан үзинди] // Еркин Қарақалпақстан. – 2020. – 3 нояб.

Қарақалпақлар : [Екинши китабынан үзинди] // Еркин Қарақалпақстан. – 2020. – 5 нояб.

Қарақалпақлар [Текст]: роман - эссе. 1 – китап. / Муратбай Нызанов. – Нөкис: Билим, 2020. – 432 б.

Таңламалы шығармалары [Текст]: Қосықлар ҳәм поэма. IX том/ M. Нызанов. - Нөкис: Билим, 2020. - 224 б.

2021

Америкадан келген Аяз баба : [гүрриң] // Еркин Қарақалпақстан. – 2021. – 4 февр.

Байрамлар мүбәрек, анажанларым! : [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. – 2021. – 6 март.

Жаңа жыл тилеги; Миллий дақыл: [қосықлар] / Муратбай Нызанов // Қарақалпақстан жаслары. – 2021. – 1 янв.

Таңламалы шығармалары [Матн]: Повестьлер, гүрриңлер, публицистика ҳәм сәўбетлер. X том. / Муратбай Нызанов. - Нөкис: Билим, 2021. - 440 б.

**Муратбай Нызановтың шығармалары өзбек тилинде**

1995

Ўзга сайёрада етти кун: [сатиралық гүрриңлер] // Қарақалпақстан. - 1995.- 18 март.

2013

Қалдирғочларга бер айвонларингни: [шеърий лаҳза] / қорақалпоқ тилидан Рустам Мусурмон таржимаси // Ўзбекистон адабиёти ва санъати. – 2013. – 15 март.

Юлдузлар ёлгон сўзламайди: [ҳажвия] / қорақалпоқ тилидан Ғафур Шермуҳаммад таржимаси //Ўзбекистон адабиёти ва санъати. – 2013. – 25 окт.

2014

Ақчагул: қисса - Тошкент: Ўзбекистон, 2014. - 120 б.

2020

Қорақалпоқлар [Матн]: роман-эссе. К. 1 / Муратбай Низанов. – Нукус: Билим, 2020. – 432 б.

**Муратбай Нызанов аўдармасы**

2016

Ваҳидов, Э.  Урыға нәсият: [қосық: Муратбай Нызанов ҳәм оның шығармалары ҳаққында] / Э Вахидов ; қарақалпақ тилине Муратбай Нызанов аўдарған // Ustaz joli'. – 2016. – 17 дек. Мазмуны : Қайсысы әзиз?; Жумбақ.

## Муратбай Нызанов ҳәм оның шығармалары ҳаққында

1994

Сәтбаев О. Айта берсең кеўилде әндийше көп: [жазыўшы М. Нызановтың «Еки дүньяның әўереси» комедиясы хаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 1994. - 20 сент.

1995

Әбдиев А. Жәмийет ҳақыйқатлығын ашып берген образ: [М. Нызановтың «Жат журттағы жети күн» повести ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. - 1995. - 13 июль.

1998

Есенов Ж. Тойымсыз инсапсызларды қаралаған комедия: [Бердақ атындағы сыйлыққа усынылған шығармаларды додалаймыз: Муратбай Нызановтың «Еки дүньяның әўереси» атамасындағы комедиясы] / Жанызақ Есенов // Қарақалпақстан жаслары. – 1998. – 5 нояб.

Қурамбаев К. Заманагөй комедия: [Муратбай Нызановтың «Еки дүньяның әўесеси» комедиясы] // Еркин Қарақалпақстан. – 1998. – 21 нояб.

2001

Күлки арбасының бүгинги қос арысы: [Сайлаўбай Жумағулов ҳәм Муратбай Нызанов 50 -жаста] // Еркин Қарақалпақстан. - 2001. - 8 февр.

2002

Есемуратов Г. Сатира күшлилердиң қуралы: [Муратбай Нызанов хаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2002. - 8 июнь.

2006

Уснатдинов Ш. Муратбай Нызановтың Ақшагүл повести хаққында // Еркин Қарақалпақстан. – 2006. - 30 сент.

2009

Базарбаев Ж. Ақырет уйқысы - ҳүждан есабаты: [М. Нызановтың повести ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2009. - 15 сент.

Сагыйдуллаев Ж. Ақырет уйқысы: [прозалық кеўил толғаныслары] // Еркин Қарақалпақстан. - 2009. - 21 май.

Уснатдинов Ш. Атлыға жеткермес пияда ямаса жазыўшы: [Муратбай Нызановтың әдебий портретине эскизлер] // Еркин Қарақалпақстан. - 2009. - 19 дек.

2010

Абдижамилова Р. Жулдызлы ақшамнан кейинги ойлар «Ақшагул» мени таң қалдырды // Қарақалпақстан жаслары. – 2010. - 4 февр.

2011

Бекмуратов А. Көп қырлы талант ийеси: [Бердақ атындағы миллий музейде М. Нызановтың 60 жыллық юбелейине илимий теориялық конференция болып өтти] // Қарақалпақстан жаслары. - 2011. - 21 май.

Есенов Ж. Таланттың гейпара сырлары: [Муратбай Нызанов ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. - 2011. - 2 июнь.

Оразымбетов Қ. Инсанның руўхый кеширмелери ямаса жазыўшы: [Муратбай Нызанов дөретиўшилигине штрихлар] // Еркин Қарақалпақстан. - 2011. - 14 май.

Турдыбекова С. Сатирик жазыўшы Муратбай Нызанов юбилейи конференциясы «Бердақ» музейинде болып өтти // Еркин Қарақалпақстан. – 2011. - 17 май.

Уснатдинов Ш. Өз заманын терең уғынған: [Муратбай Нызанов ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. – 2011. - 20 окт.

2012

Қудайбергенов М. Муратбай Нызановтың повесть ҳәм гүрриңлеринде факт ҳәм образ // Әмиўдәрья. - 2012. – Б. 102.

2014

Базарбаев, Ж. Исенимге айланған наданлық : [Қарақалпақстан халық жазыўшысы Муратбай Нызановтың "Душпан" романы ҳаққында әдебий талқы] / Ж. Базарбаев, А. Пазылов // Еркин Қарақалпақстан. – 2014. – 30 дек.

2015

Хожамуратова, П. Қысқа жазып, керек гәпти айтыў керек дейди Қарақалпақстан халық жазыўшысы Муратбай Нызанов / П. Хожамуратова // Еркин Қарақалпақстан. – 2015. – 27 июнь.

2016

Пирленов, Ә. Белгили жазыўшы ҳәм драматург пенен ушырасыў: [Әжинияз атындағы НМПИ да Қарақалпақ халық жазыўшысы Муратбай Нызамов пенен ушырасыў кешеси шөлкемлестирилди ] / Әзиз Пирленов // Қарақалпақстан жаслары. - 2016. - 4 авг.

2017

Өсербаева, З. Жазыўшының дөретиўши сандығы...: [Муратбай Нызановтың шығармалары ҳаққында] / Зульфия Өсербаева // Қарақалпақстан жаслары. - 2017. - 10 май.

2018

Базарбаев, Ж. Фәлектиң ойынын баслаған муҳаббат қосығы: [Муратбай Нызановтың "Муҳаббат қосығы" романы ҳаққында пикир] // Еркин Қарақалпақстан. – 2018. – 13 март.

2020

Палўаниязова Г. “Халық ушын” операсы ҳаққында // Қарақалпақстан мәденияты. – 2020. – 21 нояб.

2021

Абибуллаев, Д. Белгили дөретиўшиниң юбилейине бағышланды : [Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик академиялық музыкалы театрында Қарақалпақстан халық жазыўшысы, Бердақ атындағы республикалық сыйлықтың лауреаты Муратбай Нызанов туўылғанының 70 жыллығына бағышланған руўхый ағартыўшылық илаж болып өтти] / Д. Абибуллаев, М. Ҳәбибуллаев // Еркин Қарақалпақстан. – 2021. – 11 февр.

Қутлымуратова Заҳида. Мақтаўға ылайық инсан: [Муратбай Нызанов 70 жаста] / Заҳида Қутлымуратова // Қарақалпақстан жаслары. – 2021. – 11 март.

Оразымбетов, Қ. Халықтың қәлбин ийелеген дөретиўши : [Шайыр, жазыўшы, драматург Муратбай Нызанов 70 жаста] / Қуўанышбай Оразымбетов // Еркин Қарақалпақстан. – 2021. – 4 февр.

Палымов Ф. Көркем әдебияттың "Мурабы" Муратбай: [Муратбай Нызанов 70 жаста] / Фарахат Палымов // Қарақалпақстан жаслары. – 2021. – 11 февр.

## Рус тилинде

Абибуллаев Д. Чествование народного писателя: [К 70-летию М. Нызанова] / Д. Абибуллаев // Вести Каракалпакстана. – 2021. – 13 февр.

***Дүзиўшилер:***

***Мағлыўмат библиография хызмети баслығы:*** ***Г. Аббазова***

***Мағлыўмат библиография хызмети бас библиографы:*** ***Г. Тажимуратова***